

# Sistèm Jidisyè New Jersey

New Jersey Judiciary

## Ti Reklamasyon/Litij ti Montan

Small Claims – Haitian Creole



Tribinal Siperyè nan New Jersey

Divizyon Dwa

Seksyon Sivil Espesyal

Seksyon Ti Reklamasyon

Superior Court of New Jersey

Law Division

Special Civil Part

Small Claims Section

## **Antesedan**

Seksyon ti reklamasyon se yon tribinal kote w kab asiyen yon moun oswa yon biznis (akize a) pou kolekte yon ti kantite lajan ke w kwè yo dwe w. Pwosedi pou prezante yon reklamasyon nan tribinal pou ti litij pi senp ke nan lòt tribinal yo. Moun kab prezante ka yo vit epi san gwo depans, epi tou, byen souvan san avoka.

Depliyen sa a ap eksplike w kijan pou prezante yon plent, yon rekou dapèl epi lap ba w enfòmasyon jeneral konsènan ti reklamasyon nan New Jersey.

## **Seksyon Ti Reklamasyon/Ti Litij**

Seksyon pou Ti Reklamasyon se youn nan twa seksyon Pati Espesyal Sivil Tribinal Siperyè a. Lòt de lòt seksyon yo se pou koze Pwopriyetè/Lokatè ak Pati Espesyal Sivil. Depliyen separe disponib pou seksyon sa yo. Ti Reklamasyon okipe ka kote montan yo mande a pa depase \$5,000. Sa se limit tribinal pou ti reklamasyon yo. Si montan lajan w ap eseye rekipere a depase limit monetè men li mwens ke \$20,000 ou ta fèt pou prezante plent ou a nan Pati Espesyal Sivil la. Ka konsènan dega ki depase \$20,000 fèt pou prezante nan Divizyon Lwa Tribinal Siperyè a.

*Si w kwè w gendwa resevwa dedomajman ki depase limit monetè yo men ou ta vle asiyen nan seksyon ti reklamasyon a, w ap renonse a dwa w pou rekipere dedomajman ki ta depase limit monetè a. Ou pap kab reklame lajan adisyonèl la nan yon lòt pwosè sivil.*

## **Reklamasyon Abityèl**

Sa ki swiv la a se yon lis jeneral reklamasyon yo prezante nan seksyon pou ti reklamasyon yo:

- Kraze kontra alekri oswa aloral.
- Remèt lajan ki te peye kòm akont.
- Dega nan pwopriyete ki fèt akòz aksidan machinn.
- Dega oswa pèt pwopriyete.
- Plent konsomatè pou machandiz ak defo oswa move men dèw.
- Peyman pou travay ki fèt.
- Reklamasyon sou chèk san fon.
- Reklamasyon pou lwaye.
- Remiz depo sekirite lokatè ki pa depase \$5,000.

## **Tip Reklamasyon ou pa gendwa prezante**

Sa ki swiv yo se yon lis jeneral reklamasyon ki pa gendwa prezante nan seksyon ti reklamasyon yo:

- Reklamasyon pou neglijan pwofesyonèl, kankou neglijan doktè, dantis oswa avoka).
- Reklamasyon pou sipò oswa pwovizyon alimantè apati de yon dispit ant madanm ak

mouche oswa yon dispit adomisil.

- Reklamasyon sou koze eritaj, kankou yon testaman.

## **Ki kote mwen ka prezante yon plent?**

Yon plent fèt pou prezante nan Biwo Pati Sivil Espesyal la nan konte kote omwen youn nan akize yo abite oswa kote biznis li sitiye. Yo konsidere ke yon biznis sitiye nan konte kote lap fè biznis oswa nan konte kote biwo li enskri a sitiye. Si gen plis de yon akize, plent la kab prezante nan konte kote nenpòt nan akize yo abite oswa sitiye. Si okenn nan akize yo pa abite oswa sitiye nan New Jersey, plent la fèt pou prezante nan konte kote ensidan a te fèt oswa kote li te koumanse a.

**Remak:** Yon plent ki gen pou wè ak remiz depo sekirite kab prezante nan konte kote pwopriyetè a abite oswa kote rezidans pwopriyetè a ki nan lokasyon a sitiye.

## **Kilès ki gendwa prezante yon plent?**

Pou asiye nan seksyon ti reklamasyon moun la fèt pou gen 18 lane daj oswa pi gran. Si moun kap asiye a pa gen 18 lane, plent la fèt pou prezante pa swa paran oubyen moun ki responsab la.

## **Prezante yon plent**

Fòm pou konvokasyon ak plent ansanm ak tout enstriksyon sou kijan pou konplete yo disponib nan nenpòt ki Biwo Pati Sivil Espesyal la ak nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov). Konvokasyon ak plent la kab depoze pa vwa elektwonik atravè Sistèm Elektwonik pou Soumèt Dokiman Jidisyè (JEDS) pa lapòs oswa an pèsonn nan Biwo Pati Sivil Espesyal apwopriye a (ale nan “[Ki kote mwen ka prezante yon plent.](#)”)

Lè w ap prezante yon plent, antan ke pleyan a, ou fèt:

- Pou bay non ak siyati w, adrès ak nimewo telefòn ou.
- Asire w ke plent la sèvi korèkteman, bay non korèk moun la ak adrès moun ki parèt sou plent la kom akize. Li enpòtant ke akize a idantifye korèkteman antan ke endividi, antrepriz endividyèl, patnarya oswa sosyete.
- Deklare montan lajan pouki w asiye a.
- Deklare rezon pouki akize a dwe w lajan.
- Deklare si aktyèlman gen lòt ka nan tribinal ki gen rapò ak nou toude ou menm ak lòt pati a (pati yo) e si se sa, non tribinal la.
- Siyen ak mete dat fòm konplete a.
- Peye frè pou prezante reklamasyon ki korèk la ansanm ak frè sèvis lè w ap prezante yon konvokasyon ak plent nan Biwo Pati Sivil Espesyal la. Si w peye mwens lajan ke sa yo egzije a, yap voye l tounnen ba w.

- **Pa bay tribinal la okenn enfòmasyon pèsonèl konfidansyèl lòt pati a nan plent la.** Sa gen ladann nimewo Sekirite Sosyal, nimewo pèmi kondwi, nimewo plak machinn, nimewo polis asirans, nimewo kont an bank **aktif**, nimewo kat kredi **aktif**, oswa enfòmasyon sou statis endividi a nan lame. Soumèt enfòmasyon sa a **sel si** lalwa ta egzijel, oswa tribinal la ta pase lòd oswa ou ta gen direktiv administratif oswa reglemantè. Pa soumèt oubyen redije okenn nan enfòmasyon sa a nan orijinal yo. Soumèt dènye kat chif nenpòt ki kont aktif ba tribinal la sel si li ta fè pati litij la epi pa ta gen lòt mwayen pou idantifyel.

Osito ke w prezante plent la ak sèvis pou konvokasyon a. Tribinal la va notifie tout pati yo, tout akize yo ak pleyan yo ki nonmen nan konvokasyon a ak plent la de dat pwosè a.

Si akize a pa konparèt pou pwosè a, tribinal la ap siyen yon "defo". Tribinal la ta kab decide menm jou pwosè a menm kontan lajan, si gen lajan ki dwe, ke lap akòde ba pleyan a. Se sa yo rele yon "Jijman pa defo". Mèzalò, pleyan a fèt pou founi prèv ki satisfè montan lajan ki dwe a ak pwouve ke endividi ki akize a pa yon manm aktif lame Amerikenn. Prèv ke moun la pa nan lame pa aplike a biznis ki akize. Yon pake pou fèl "pro-se" poukont ou ak tout enstriksyon detaye sou kijan pou aplike pou yon jijman pa defo disponib nan nenpòt ki Biwo Pati Sivil Espesyal ak nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

Si plent la se pou dedomajman monetè koze pa yon aksidan machinn epi jijman a mande ke akize a peye plis de \$500, akize a fèt pou peye montan sa a nan yon delè de 60 jou. Si akize a pa peye nan delè 60 jou sa yo, pleyan a kab mande, atravè Biwo Pati Sivil Espesyal la, ke Komisyon Transpò oswa Motor Vehicle Commission kab mete yon ola sou privilèj pou akize a kondwi ak anrejistrasyon li jiskaske li peye jijman a.

## Entèprèt oswa Aranjman Espesyal

Sistèm Jidisyè ap fè aranjman rezonab pou pèmèt nenpòt moun andikape jwenn aksè ak patisipe nan tout evenman jidisyè yo. Tanpri kontakte Kowòdinatè ADA a pou mande yon aranjman espesyal. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

Sistèm Jidisyè Nyoudjèze a founi sèvis entèprèt. Si w bezwen entèprèt, notifie tribinal la le pli vit posib. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

## Frè Pou Depoze yon Plent

Frè pou depoze yon plent nan Seksyon Sivil Espesyal la se:

- \$35 pou yon akize.
- \$5 pou chak akize adisyonèl.
- Frè pou sèvi chak defandè pa lèt sètifye oswa lapòs nòmal se \$7 pa akize. Yon frè \$3 pou relivre dokiman yo, plus \$7 pou sèvis livrezon dokiman pa Ofisye Pati Sivil Espesyal la pou yon defandè si Ofisye Pati Sivil Espesyal la livre dokiman an men nan la men. Frè pou chak defandè adisyonèl ke yo sèvi dokiman yo men nan lamen sse \$5 plis \$7 frè pou

jere livrezon dokiman yo. Emèt yon chèk oswa manda postal peyab a *Treasurer, State of New Jersey*.

- Yo egzije yon \$100 adisyonèl pou tout demann pwosè devan sis manm jiri.

Si w pa gen mwayen pou peye tout frè pou depoze yon plent nan tribinal, ou gendwa mande tribinal la kalifye w antan ke endijan, epi jij la ta ka egzonere tout frè yo.

## **Preparasyon pou Pwosè**

### ***Plenyan***

Si se w ki plenyan a, ou oblije pwouve ka w an. Fè aranjman pou mete ala disponibilite nenpòt ki temwen ak tout rapò wap bezwen pou pwouve ka w an nan pwosè a. Yon deklarasyon alekri, menm si li fèt sou sèman, pa admisib nan tribinal. Sèl temwayaj ki prezante nan tribinal de sa temwen an (temwen yo) te tandè oubyen te wè pèmisisib. Prepare tout kesyon ou yo alavans.

Pare pou prezante ba tribinal tout dokimantasyon w yo de kelkeswa tranzaksyon ki ta ka ede w pwouve ka w. Dokimantasyon sa yo ka enkli:

- Chèk ki touche deja, moni order, ak resi lavant.
- Bòdwo, kontra, devi, kontra lokasyon.
- Korespondans.
- Foto.
- Tout lòt dokiman ki pwouve sa w ap reklame a.

*Si w rive ranje ka a ak akize a anvan dat pwosè a, rele Biwo Pati Sivil Espesyal la imedyatman pou konfime ke ka a fèt pou klase antan ke ka ki ranje.*

### ***Akize***

Si w se akize a, ou fèt pou prepare prezantasyon pa w de ka a menm jan plenyan prepare prezantasyon pa li. Fè aranjman pou temwen nesèsè yo ansanm ak tout dokiman w yo disponib pou prezante nan tribinal la nan dat fikse pou pwosè a. Si w ta renmen asiyen pleyan a tou, ou fèt pou poze plent ou an avan dat pwograme pou pwosè a. Anplwaye Biwo Pati Sivil Espesyal la a va eksplike w kijan pou depoze yon reklamasyon.

Si plenyan a pa konparèt, jij la va anile ka a. Si akize a pa konparèt, yon jijman pa defo va siyen epi akize a kab oblije peye yon pòsyon nan lajan ke yo di li dwe a.

*Si w kab rive a yon aranjman ak pleyan anvan dat jijman a, rele Seksyon Pati Sivil Espesyal Tribinal la pou konfimen ke ka a klase antan ke ka ki ranje.*

## **Jou Pwosè a**

Akize a fèt pou konparèt nan tribinal la dapre tout enstriksyon ki parèt sou konvokasyon a, amwens ke tribinal la ta di le kontrè. Plenyan a ap resevwa yon avi de Biwo Pati Sivil Espesyal la, pou konparèt nan tribinal la nan menm dat ak lè a. Tout pati yo fèt pou konparèt nan dat ak

lè amwens ke tribinal la ta notifie w le kontrè. Si tribinal la ta fèmen akòz move tan, ya va ranvwaye pwosè a, pou yon lòt dat.

Jou ki pwograme pou pwosè a, tribinal la va ede tout pati yo, pleyan a ak akize yo, eseye rive a yon antant atravè diskisyon pou ranje ka a ak yon pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon pou rezoud ka. Medyatè a ap eseye ede tout moun rive a yon antant satisfèzan. Medyatè a se pa yon jij. Si nou pa ka rive a yon antant, yap fè tout sak posib pou ka w la va prezante devan yon jij menm jou a.

Si w se plenyen a epi w gaye ka a, konsilte depliyab ki aplike a, [\*Kijan pou touche jijman lajan\*](#) (Collecting a Money Judgment), ki disponib nan nenpòt ki Biwo Pati Sivil Espesyal ak nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

## **Dwa pou Rekou d'Apèl**

Si w, antan ke pleyan oswa akize, pa dakò ak desizyon final tribinal la, ou gen rekou dapèl epi prezante ka a nan Divizyon Apèl tribinal Siperyè a nan yon delè 45 jou apati de dat jijman a. Ou fèt pou depoze yon Avi dapèl, yon kopi Demann ak Transkripsyon ansanm ak Enfòmasyon sou Ka a nan yon delè de 45 jou nan biwo Grefye Divizyon Apèl ki nan Richard J. Hughes Justice Complex, PO Box 006, Trenton, NJ 08625, epi remèt tout kopi yo ba:

- Tout pati ki fè pati ka a ki te prezante nan tribinal.
- Biwo Pati Sivil Espesyal la kote yo te aksepte apèl la.
- Jij ki deside ka a.

Ou fèt pou peye yon frè \$250 pou depoze Avi d'Apèl ak yon depo \$300 nan men Grefye Divizyon Apèl la nan yon delè de 30 jou apati de dat Avi d'Apèl. Yo ta ka itilize depo a pou peye règleman oswa frè tribinal si w pèdi ka a. Si rekou d'apèl la reyisi, ya va ranbouse w depo a.

Ou fèt pou genyen transkripsyon konplè tribinal la. Demann pou jwenn transkripsyon a fèt pou fèt ba Biwo Pati Sivil Espesyal nan konte kote ka a te al nan pwosè. Ou fèt pou depoze nan men grefye a montan previ pou frè transkripsyon dapre sa estenograf tribinal la ta detèmine, grefye oswa ajans kap prepare li a oswa \$300 pou chak jou oswa yon pati nan jounnen pwosè a. Ou fèt pou depoze twa kopi transkripsyon ak grefye Divizyon Apèl la. Tout kesyon ki ta gen rapò ak rekou apèl fèt pou adrese ba grefye Divizyon Apèl la nan 609-815-2950 oswa ba yon avoka.

Se Divizyon Pratik Sivil  
Sistèm Jidisyè New Jersey a  
ki pibliye bwochi sa a

Stuart Rabner  
Dwayen Tribinal la  
Chief Justice

Glenn A. Grant  
Direktè Administratif Tribinal yo  
Administrative Director of the Courts

Jennifer M. Perez  
Direktè, Biwo Tribinal Premye Enstans yo  
Director, Office of Trial Court Services

Taironda E. Phoenix  
Direktè Adjwen, Pratik Sivil la  
Assistant Director, Civil Practice

[njcourts.gov](http://njcourts.gov)

Revise 07/01/2022

CN 10290-Haitian